

Nama :

Kelas :

No. Absen :

Email Guru:

A. MAOS TEKS DESKRIPSI “SRABI”

Para siswa dipunsuwun maos intensif teks deskripsi jajanan tradhisional Jawa kanthi irah-irahan “Srabi”!



SRABI

Srabi inggih menika salah satunggalipun jajanan tradhisional ingkang misuwur ing tlatah Jawi. Tembung srabi miturut etimologi asalipun saking basa Sanskerta inggih menika “sura” ingkang tegesipun “arum”. Lajeng wonten panemu bilih tembung srabi menika asalipun saking tembung “rabi” ingkang tegesipun “krama” utawa “nikah”.

Pramila, jajanan srabi menika asring dipunsuguhaken wonten ing adicara mantenan. Jajanan menika sampun wonten wiwit jaman rumiyin lan dados peranganing kabudayan kuliner Jawa. Srabi saged dipunpanggihi wonten ing pasar tradhisional, adicara adat, lan ugi asring dipunsuguhaken nalika hajatan.

Srabi dipundamel saking adonan glepung wos, santen klapa, lan sarem. Cara ndamel jajanan srabi menika langkung unik. Bahan-bahan dhasar kados glepung wos, santen klapa, lan sarem menika dipuncampur dados adonan ingkang alus lan kenthel. Adonan menika dipuncithak ngangge cithakan grabah ingkang sampun dipunpanasaken, lajeng dipunpanggang ing nginggilipun anglo. Pramila, srabi nggadhahi raos ingkang gurih renyah, lan aromanipun sedhep. Limrahipun srabi dipunsuguhaken wonten ing piring ingkang sampun dipunparingi lemek ron pisang, lan wonten ugi ingkang dipunsuguhaken kanthi dipunlinthing rumiyin ngangge ron pisang. Ciri kasipun srabi inggih menika wujudipun ingkang

bunder radi gepeng, kanthi pérangan tengah ingkang radi kandel lembut, sarta pérangan pinggir ingkang tipis saha garing utawi renyah. Raosipun srabi langkung gurih amargi wonten campuranipun santen ing adonanipun. Dene srabi ingkang sampun misuwur ing Indonesia inggih menika: (1) srabi notosuman saking Solo, Jawa Tengah ingkang cara ndamelipun menika dipunpanggang wonten ing wajan alit. (2) srabi Bandung ingkang dipunparingi topping maneka warna, kados coklat, lan keju, (3) srabi kocor khas saking Tegal lan Pekalongan, ingkang dipunsiram kaliyan juruh utawa gendhis Jawi lan santen.

Srabi boten namung dados jajanan tradhisional ingkang dipunremeni amargi raosipun ingkang gurih, arum lan sedhep, nanging ugi nggadhahi filosofi panguripan ing masyarakat Jawi. Srabi ingkang dipudamel saking bahan dhasar glepung beras, santen klapa, lan sarem menika nggadhahi teges bilih saking bahan prasaja saged mujudaken suguhan ingkang eca lan dipunajeni. Kados ing panaguripan menika bilih manungsa prayogi tansah ngajeni lan nyawiji kaliyan sesami.

Sasampunipun maos teks deskripsi ing nginggil menika, sumangga para siswa saged gladhen nemtokaken pranyatan leres (LS) utawa lepat (LP), kanthi nyukani tandha centhang (✓) ing salah satunggalipun wangsulan menika!

No.	Prayatan	LS	LP
1.	Srabi inggih menika kalebet jajanan modern saking tlatah Jawa		
2.	Bahan dhasaripun srabi inggih menika glepung uwos, santen klapa lan sarem		
3.	Srabi notosuman menika salah satunggalipun jinis srabi saking Solo, Jawa Tengah		
4.	Raosipun srabi menika arum lan gurih, ugi wujudipun padhet		

5.	Salah satunggalipun jinis srabi ingkang misuwur saking Tegal inggih menika srabi kocor		
6.	Srabi menika asal-usulipun saking tembung “rabi” ingkang tegesipun krama (nikah)		
7.	Srabi dipunpanggang wonten ing wajan ageng		
8.	Srabi dipuncithak ngangge cithakan grabah lajeng dipunpanggang ing nginggilipun anglo		
9.	Srabi dipunsuguhaken wonten ing adicara manten kangge pralambang raos syukur		
10.	Supados raosipun gurih, ing nginggilpun srabi menika dipunwuwuri sarem sekedhik		

B. MAOS LAN NJANGKEPI TEKS DESKRIPSI RUMPANG IRAH-IRAHAN “KENDHANG”

Para siswa dipunsuwun maos lan njangkepi teks deskripsi rumpang kanthi irah-irahan “Kendhang”!

KENDHANG



Kendhang inggih menika salah satunggalipun piranti tabuh tradisional Jawa ingkang dados peranan dhasar saking gamelan. Kendhang dipununekake kanthi....(1) utawi dipuntepuk. Kendhang fungsipun kangge....(2), sarta paring pratanda dhumateng piranti sanes kados kapan dipunwiwiti lan mungkasi gendhing ing salebeting pagelaran karawitan. Kejawi menika, kendhang ugi nggambaraken kahanan, menawi kendhang dipuntabuh rame tegesipun....(3), menawi dipuntabuh alon nuwuhake swasana.... (4).

Kendhang kaperang dados pinten-pinten jinis, inggih menika wonten kendhang ageng, kendhang ciblon,....(5) , lan kendhang wayang. Saben jinis kendhang menika nggadhahi fungsi lan karakter swanten ingkang benten. Tuladhanipun, kendhang ciblon menika asring dipunginakaken kangge ngiringi....(6). Dene kendhang ageng langkung asring dipunginakaken kangge gendhing alon-alon saha agung. Kendhang wujudipun kados drim lan nggadhahi kalih sisih tabuhan, kiwa lan tengen ingkang dipundamel saking...(7). Antawisipun kalih sisih tabuhan menika dipundamel saking kajeng jati, angka, utawi kajeng sanes. Salah satunggalipun sisih tabuhan ingkang langkung alit menika dipunsebat “banthet”, nggadhahi...(8). Dene sisih satunggalipun ingkang langkung ageng dipunsebat “bam”, nggadhahi swanten lebet lan ngedap-edapi. Kendhang dipuntabuh kaliyan....(9) ngangge teknik tertamtu supados ngasilaken irama lan aksen swanten ingkang variatif.

Panabuh kendhang limrahipun kedah nggadhahi raos musikalisasi ingkang kiyat, amargi nabuh kendhang menika boten saged dipunlampahi saderma, nanging dipunbetahaken katrampilan lan paham bab teknik ugi pakem karawitan. Kendhang kalebet warisan budaya ingkang ngemu filosofi lan musikalitas. Pramila saking menika, nglestantunaken kendhang tegesipun(10) supados tetep gesang lan dipuntresnani déning generasi enèm.

Sumangga para siswa saged milih wangsulun ing ngandhap menika kangge mangsuli teks deskripsi rumpang ing nginggil!

A. dipuntabuh	H. ngatur irama lan tempo
B. swasana semarak	I. swanten landhep
C. kendhang ketipung	J. gendhing-gendhing ingkang rame
D. sareh lan khidmat	K. driji, pucuk asta utawi tlapak asta
E. gamelan	L. wlulang lembu utawa menda
F. karawitan	M. nguri-nguri kabudayan Jawa
G. alon-alon	N. panabuh kendhang